



Olga Hugelmeyer  
Superintendent of Schools

Amy L. Gil  
Director of Research, Evaluation,  
and Assessment

Mas 2021

A Paran, Gadyen ak Moun ki ap ede Timoun yo

Lekòl Piblik Elizabeth rete angaje nan bay yon edikasyon-wo kalite ki ap prepare elèv li yo pou kolèj ak siksè nan karyè yo.

Depatman Edikasyon New Jersey (NJ DOE) dènyèman te anonse ke yo aplike a Depatman Edikasyon Etazini (USDE) pou sispann demand Lwa Chak Elèv Reyisi a (ESSA) jan yo konsènenan evalyasyon eta NJ yo. Nan anons la, yo mande ke distri lekòl ta sipoze kòmanse planifye pou administre evalyasyon obligatwa eta yo ki an akò avèk orè revize anba a pou nou ka avanse pou pi devan si USDE pa reponn a demann lan a tan oswa si yo refize demann lan.

Lekòl Piblik yo egzije pa règleman federal pou evalye elèv li yo ak Evalyasyon Aprantisaj Elèv New Jersey (NJSLA) oswa Kat Aprantisaj Dinamik (DLM) nan Lang Anglè/Alfabetizasyon ak Matematik nan klas 3-8 ak omwen yon fwa nan lekòl segondè, epi Nan syans nan klas 5, 8, ak 11. Anplis de sa, tout elèv nan klas K-12 ki kalifye pou sipò kòm elèv ki ap Aprann Lang Anglè (ELL) yo oblije pran *Evalye Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè eta-a-eta pou Elèv ki ap Aprann Lang Anglè* (ACCESS pou ELL).

Tablo ki anba la bay dat egzamen yo kreye pa Depatman Edikasyon New Jersey pou Evalyasyon obligatwa Eta yo. Pandan plis enfòmasyon apibliye, nou pral mete w okouran a dènye enfòmasyon yo. Ou kapab tou vizite sit entènèt distri nou an [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org) pou dènye aktyalite sou enfòmasyon evalyasyon.

#### Evalyasyon Depatman Edikasyon New Jersey

Evalyasyon	Ki moun ki ap pran Tès la	Dat	Administrasyon
ACCESS for ELLs	Tout Elèv ki ap Aprann an Anglè nan Klas K-12	5 Avril – 11 Jen 2021	An-Pèsòn sèlman
DLM	Chanjman a NJSLA si idantifye nan yon IEP	5 Avril – 11 Jen 2021	An-Pèsòn sèlman
NJSLA	ELA, Matematik Klas 3-9 Klas Syans 5, 8, 11	3 Me – 11 Jen 2021	An-Pèsòn avèk opsyon adistans

Meyè Salitasyon,

Amy L. Gil

#### Division of Research, Evaluation, and Assessment